



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 3 Mathematics, Book 2**  
**March 6–10, 2006**

**Pwogram Egzamen Leta Nouyòk**  
**Matematik**  
**Liv 2**

Ane **3**

**6–10 Mas 2006**

**Non** \_\_\_\_\_



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2006 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou fè tout sa ou kapab:

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk blòk modèl ou yo.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk kontè ou yo.



26

Msye Crocker te kòmande manje chyen ak manje chat pou boutik manje bèt domestik li a, jan yo montre sa nan fòm kòmman anba a.

**Fòm pou fè Kòmman  
Manje Bèt Domestik**  
\*\*\*\*\*  
Manje Chyen 138 sachè  
Manje Chat 156 sachè  
\*\*\*\*\*


Konbyen sache manje chyen ak manje chat Msye Crocker te kòmande antou?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ sache

***Kontinye***

**27** Jamie te fè desen senk figi yo montre anba a.



***Pati A***

Trase yon sèk toutotou figi ki rektang yo sèlman.

***Pati B***

Sou liy anba yo, ekri de bagay rektang yo genyen an komen.

---


---

---

---

---

Graf ba ki anba a montre kantite lajan kat elèv te sere nan yon mwa.



**Pati A**

Ki elèv ki te sere pi plis lajan?

**Repons** \_\_\_\_\_

**Pati B**

Konbyen lajan Leon dwe sere **anplis** pou li ka genyen menm kantite lajan ak Malik?

**Montre travay ou.**

**Repons** \$ \_\_\_\_\_

***Kontinye***

**29** Rudy trase modèl a repetisyon figi yo montre anba a.



***Pati A***

Trase de pwochen figi sou liy vid ki nan modèl anwo a.

Sou liy anba yo, eksplike kouman ou fè konnen ki de figi ki vini apre.

---

---

---

---

---

***Pati B***

Nan espas anba a, trase 13<sup>yèm</sup> figi nan modèl la.



**30**


Msye Clark kwit gato pou fèt. Mwa pase, li te kwit 4 gato chokola, 6 gato sitwon, 8 gato fig, ak 14 gato kawòt.

Konplete piktogram anba a pou montre tout kalite gato Msye Clark te kwit nan fou pou mwa pase a. Asire ou itilize lejann yo bay la.

### GATO MSYE CLARK

Kalite Gato	Kantite Gato
Chokola	
Sitwon	
Fig	
Kawòt	


#### LEJANN

 = 2 gato

***Kontinye***

**Pati A**

Trase 2 kare sou kadriyaj ki anba a. Fè yon kare pi gwo pase lòt la.

**Pati B**

Sou liy anba yo, endike yon fason pou tout kare yo sanble.

---

---

---

---

---

---

**RETE LA**



---

---

Place Student Label Here



**Ane 3**  
**Matematik**  
**Liv 2**

**Grade 3**  
**Mathematics**  
**Book 2**